1абдул-1азиз Асхабов

# Хьехархо

Тхан хьехархо, хьо – хилларг! Хьо - туьйра!
Хьо - безаман уггар коьрта хьаьрк!
Хьайн амалца денъеш мерза уьйраш,
Кхочу тхоьга ахь хьажийна б1аьрг.

Хьехархо тхан, эзар шерийн некъан
Геналлера далош сирла нур,
Дала иэдеш массо басар-шекъа,
Башха тайна кхоьллина хьан сурт.

Адамашна корматаллаш йовзар
Деллехь Дала, царех къастош хьо,
Хьехархо хьох вина сийлахь, говза,
Хьо хиларах даккхийдедеш тхо.

Тхоьца цхьаьна, тхан белшах белш тоьхна,
Юкъахь хьоьгуш х1ора дог1у де,
Цкъа ца гойтуш хьуо хьайн некъах воьхна,
Ларъеш вог1у хьо хьайн сийлахь ц1е.

Дукха шераш, хьайн дахарах дохуш,
Дешархошна хьеха лери ахь.
«Дела реза хуьлда хьуна!» - бохуш,
Хадабойтуш нахе беза мах.

Велавелла, ахь маршалла хоттуш
Кхоллало цхьа башха мерза уьйр,
Маьлхан нур а хета хьоьца г1оттий,
Школа серлайоккхуш тхоьх д1ауьйш……

Дезчу дийне воьдуш санна, лоруш,
Хьайн болх хьуна даим хетта дош.
Хилла цатам деган къайлехь кхобуш,
Цкъа ца гайти кхоьлина хьайн бос.

Хьан вистхилар хаза, к1еда-мерза,
Цхьа к1еззиг бен ца хиллехь а и,
Дешархоша, даггара хьо везаш,
Даг чу даьхьна, диццдийр доцуш кхин.

Хьо декъалво дезчу денца оха!
Хьох ца кхуьуш ма дуьсийла ирс!
Цхьа вас ма йог1ийла хьан дог дохо!
Муьт1ахь хуьлда хьуна белхан г1ирс!

Хьо вехийла тхан баркаллийн г1алахь,
Тхан безаман некъахь-урамехь,
Везачара го бина чохь-арахь,
Тхан хьехархо сийлахь, лераме!

**1абдул-1азиз Асхабов**

## Школа

илли

Йиллина 1илманийн не1,
Тхо 1амо халонел тола,
Гойту ахь беркате некъ –
Дахарна кечдо ахь, школа.

Кхолламе ца яйта вас,
Дерзадо хьекъал тхан дола,
Кхиадеш тхан оьзда васт,
Дахарна кечдо ахь, школа.

Дуьненан массо а мохк.
1алам а, къаьмнаш а довза,
1алашбан сийлахь Даймохк
1амадо, школа, ахь говза.

Схьаделла 1илманаш хьайн,
Ирс лаха 1амийна пхьола,
Тхох дина хьекъалан дай,
Ахь новкъадоху тхо, школа.

Тхан хьоме школа – 1илманийн беш!
Тхан хьоме школа – хьекъалан х1орд!
Дуьненахь беркат хьан даржадеш,
Даим хьан сий деш дехар ду тхо.

## Беркате адамаш - хьехархой

Хьехархойн гимн

Эзарнаш дешархой аш 1илма делла,
Дахаран къайленийн урх караелла,
Дуьненан говзаллаш шайн долаевлла,
Бехаш бу хьанала адамаш хилла....

Эзарнаш, кхиийнарш хьехам беш, говза,
1амийнарш диканиг, оьзданиг довза,
Халонна дуьхьала хьекъалца довла,
Бехаш бу уггаре оьзда нах хилла.

Эзарнийн дешархойн дегнашкахь хийла,
Шу ц1ераш ехар ю, хьехархой сийлахь!
Дехар ду шу церан дахарах ийна,
Уггаре гергара адамаш хилла.

Доккхачу дуьненахь массо а нехан
Дахарехь, доьзалехь ирс хилла, деха,
Аш делла 1илманаш дуьненан меха,
Беркате адамаш-хьехархой.

**1абдул – 1азиз Асхабов**

## Баркалла ду хьуна, хьехархо!

Илли

Марзо кхуллуш, олуш хаза дош,
Ойла хьостуш, йохье доккхуш дог,
Сино лоьху, аьхна хьехам беш,
Ахь къахьоьгу адам кхиадеш.

Дуьне довза, дуьне хаза ган,
Дахар талла, цуьнан маьıна дан,
Даймохк беза, хила цуьнан дай,
Дешархой ахь оьзда кечбо хьайн.

Воккхачуьнга хила лерам, сий,
Жимачунна хила накъостий,
Хьаг1 эшийна, кхиош шайгахь яхь,
Хьайн дешархой оьзда кечбо ахь.

*Ахь хьехначу 1илмано даха 1амадо,*
*Ахь биначу хьехамо оьзда дахадо,*
*Хьан беркате хиларо массо ирсе во.*
*Тхан баркалла хьуна ду, сийлахь хьехархо!*

2012 шо.

**1абдул – 1азиз Асхабов**

# Т1аьххьарчу горгалин дийнахь

*Арахоьцучу дешархойн шатлакх-илли*

1

Горгали тийжа цхьа г1ийла.
Кхайкхаеш къастаран хан.
Г1айг1ане, тап-аьлла, тийна
Цхьайтталг1а класс лаьтта тхан.
Т1аьххьара де школан кертахь
Тамаше, ма башха ду.
Массо тхан дог эца г1ерташ,
Тхо хьоьстуш, хестадеш ву.

2

Хаало сингаттам, г1айг1а
Яьххьаш т1ехь, дегнашкахь вайн:
Ма дезаш хиллера вайна!
Ма мерза хан яьккхи вай!
Тахана дезде ду, боху.
Тардина цуьнга вайн хьал,
Юьхь т1ера б1аьрхиш д1адохуш,
Баккхий вай т1аьххьара бал!

3

Хьехархой, дешархой, школа,
Ирс долуш дехийла шу!
Йиш яц вайн цкъа вовшахдовла,
Некъ мел бу вайн дегнаш чу….
Горгали тийжа цхьа г1ийла,
Кхийдаеш къастаран вас.
Шу дезар ойланех ийна,
Д1айоьду цхьайтталг1а класс.

Хьехархой, дешархой, тхан хьоме школа!
Тхо новкъадовлу…. Марша 1айла!

2003 шо

**1абдул – 1азиз Асхабов**

## Къастаран дош. 25 майхь

Т1аьххьара де ду вай доккхуш дерг кху школан кертахь,
Т1аьххьара б1аьрг бу вай хьажориг, вовшашна гуш.
Ма хаза хан яра яьккхинарг вай мерза, бертахь,
Тхо оьзда аш кхиош, мел оьшу 1илманаш луш.

Хан яларх дицлур дац, дахарехь мел деха тхуна,
Шун дегнийн дикалла, массеран шун оьзда васт.
Де-дийне мел долу, кхуьур ду шу дезар тхуна,
Хала лан дезахь а т1ееъна къастара вас.

Тхан хьоме хьехархой, хилларш тхан дай-нанойн метта,
1амийнарш лаха тхайн дахарехь аьттунаш, ирс,
Баркалла х1итторна жималла тхан когаметта,
Кховдорна тхан кара дахарна мел оьшу г1ирс!

Тхан дагалецамийн, безаман баьрче д1алаьцна,
Шун сибташ дехар ду кхиадеш тхан х1ора де.
Аш тхуна биллина кхолламан некъ юьхьарлаьцна,
Дехар ду сих-сиха кхочуш тхо шун дегнаш т1е!

Дешнаш **– Асхабов 1абдул – 1азиз**
Мукъам **– Товбулатов Лом – 1ела**

## Т1аьххьарчу горгалин вальс

Сийна г1аш техкадеш, мела мох хьоькху.
Некъана кечъелла 11- г1а класс.
Къастарна лерина горгалис лоькху
Т1аьххьарчу урокан г1айг1ане вальс.

Хьехархо, вай цхьаьна яьккхина зама
Сирлачу ойланехь юьсур ю тхан.
Ахь тхуна дахаре г1улч яккха 1амор
Оха цкъа диццдийр дац, Сий хуьлда хьан!

1одикаеш еш хьоьца, тхан хьоме школа,
Т1аьххьара б1аьрг тухуш, хьоьжу тхан класс.
Ахь делла зеделларг халонел тола,
Дицлур дац, хиллехь а къастаран вас.

*1одика йойла хьан, школа!*
*Дерзорна ирс ахь тхан дола,*
*Даггара баркалла олуш,*
*11 – г1а класс новкъа йолу.*

**1абдул – 1азиз Асхабов**

## Тхан хьехархо, хьуна баркалла.

Бийца 1амош оьзда мотт,
Хьоьхуш йоза дан,
Хьесап нисдан, тоха чот,
Терахь дагардан -
*Ахъ 1аморна 1илма довза,*
*Дуьне, дахар вайн тала,*
*Ала лаьа хьуна довха*
*Тхан хьехархо баркалла.*

Стенах льттта дуьне вайн,
Х1ун ду дуьненахь,
Муха баьхна хьалха дай
Арахь, ломахь, ц1ахь –
*Ахъ 1аморна 1илма довза,*
*Дуьне, дахар вайн тала,*
*Ала лаьа хьуна довха*
*Тхан хьехархо баркалла.*

Х1унда хуьлу шийла 1ай,
Муха кхуьу стом,
Х1унда лоьху машар вай,
Мел зене бу т1ом –
*Ахъ 1аморна 1илма довза,*
*Дуьне, дахар вайн тала,*
*Ала лаьа хьуна довха*
*Тхан хьехархо баркалла.*